Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет
Гумбет районалъул газета

№ 25 (6545) 15 май 2017 с. Итни ШагIбан 1438 с. Багьа 5 гъур.



ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО. ХIАСРАТАБ РОКЬИГИ БОРКЬАРАБ ЦЦИНГИ

## ГIабдулкарим ГIусмановасул 93-абилеб их

**Бакълъул ракьалда кIодо гьабуна КIудияб Бергьенлъиялъ 72 сон тIубай**

**КIудияб ВатIанияб рагъда Бергьенлъи босаралдаса 72 сон тIубаялъул хIурматалда байрамалъулал тадбирал тIоритIана Бакълъул районалда.**

**Байрамалъул байбихьуда «Хвел гьечIеб полк» акциялъул гIахьалчагIи, районалъул нухмалъулел, полициялъул хIалтIухъаби, росабазул бутIрул, гIуцIабазул хIалтIухъаби, росабалъа рачIарал гьалбал, цIалдохъаби райцентралъул аслияб байданалдасан ана КIудияб ВатIанияб рагъда хваразул хIурматалда бараб памятникалда цере. ТIугьдузул горал памятникалда цере лъун хадуб, баркиялъулал рагIаби абуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель ХIайбула ГIабдурахIмановас. КIудияб ВатIанияб рагъул ветеранасде гьарурал кучIдул цIалана МелъелтIа аслияб школалъул цIалдохъабаз. Гумбет районалъул имам Юнус Темирсултановас КIудияб ВатIанияб рагъда хварал солдатазул рухIазе дугIа гьабуна. КIудияб Бергьенлъиялъ 72 сон тIубаялъул байрамалда гIахьаллъана КIудияб ВатIанияб рагъул ветеран, БагIараб ЦIва орденалъул кавалер, 93 сон барав ГIабдулкарим ГIусманов.**

Байрамалъулаб митинг тIобитIана муниципалитеталъул аслияб байданалда. Доклад гьабуна районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель ХIайбула ГIабдурахIмановас.

«ХIурматиял бакълъулал, гьалбал! РакI-ракIалъ баркула нужеда рагъулаб ва захIматалъулаб реццалъул, миллияб чIухIиялъул къо – Бергьенлъиялъул къо. 72 сон тIубана БагIараб Армиялъ фашистазул рейхстагалда Бергьенлъиялъул Байрахъ чIвараллдаса. Гьаб байрам хасго нилъее киназего гIаммаб буго. Гьаб буго пашманлъиялъулги рохалилги магIу чвахулеб байрам. Гъваридаб магIнаялъул «Бергьенлъи» абураб рагIулъ буго улкаялъул миллионал солдатазул бахIарчилъи, тылалъул захIматчагIазул бакIаб ва хIалуцараб хIалтIи. Нилъ чIухIарал руго улкаялъул цIар рагIараб рагъулаб тарихалъулъ бакълъулазул бахIарчиял ишазулги хъван букIиналдаса. Бакълъулаз цIунана Москва ва Сталинград, гIахьаллъана Кавказалъе ва Курская дугаялъе гIоло рагъда, тушманасда къаби щвезабуна Одералда ва Вислаялда, Европаялъул халкъал эркен гьаруна фашистазул зулмуялдаса, Берлиналда Бергьенлъиялъул Байрахъ борхана», - ян абуна ХIайбула ГIабдурахIмановас.

ГIабдурахIмановас рагъул ва захIматалъул ветераназда, киналго бакълъулазда Дагъистаналъул бетIер **Рамазан ГIабдулатIиповасул** рахъалдасан баркана КIудияб Бергьенлъиялъул байрам. КIудияб ВатIанияб рагъул ветеран **ГIабдулкарим ГIусмановасе** кьуна республикаялъул бетIерасул рахъалдасан гIарцулаб сайгъат.

Бакълъулазухъе баркиялъулал кагътал рачIана Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул председателасул тIоцевесев заместитель **СайгидахIмад АхIмадовас,** ЦIияблак районалдаса тумал цIияб бакIалде гочинариялъул суалазул рахъалъ Дагъистан Республикаялъул хIукуматалъул управлениялъул бетIер **МухIамадгIали МухIамадгIалиевас**, Дагъистаналъул парламенталъул депутатал **НурмухIамад ГIалиевас, ХIажимурад МухIамадовас, МухIидин МухIидиновас** ва цогидазги.

Республикаялъул парламенталъул депутатаз ва Гумбет районалъул администрациялъ Бергьенлъиялъул къоялъул хIурматалда гIарцулал сайгъатал кьуна рагъул ветеранасе. ГIабдулкарим ГIусманов, гIарцулал премиял кьун, кIодо гьавуна Дагъистаналъул парламенталъул тIоцевесев вице-спикер СайгидахIмад АхIмадовас, Халкъияб Собраниялъул депутат НурмухIамад ГIалиевас, гьединго Дагъистан Республикаялъул Предпринимательлъиялъул ва инвестициязул рахъалъ агентствоялъул нухмалъулев, Гумбет районалъул хIурматияв гражданин **Башир МухIамадовас.**

**(Ахир-лъабабилеб гьум.)**

НОМЕРАЛДА РУГО:

**Сурхай Сурхаев: «ТIаса рищарал предметазул ОГЭ кIиабизе кьезе рес букIунаро»**



**-2 гьум.**

**Маданиябгун сахгьариялъул кIалгIаялда аскIоб – цIияб мажгит**



**-3 гьум.**

БЕТIЕРАВ РЕДАКТОРАСУЛ ПИКРУ.
АВАРАЗУЛ ПАШМАНЛЪИ – АВАР МАЦI ЛЪАЧIЕЛ ЛЪИМАЛ

# Рахъдал мацI - халкъалъул рухI

## Авар мацI – халкъазда гьоркьосеб ва пачалихъияб мацI

**Кавказалъул мацIазда гьоркьоб хасаб бакI ккола магIарул (авар) мацIалъ. Аза-азар соназ аваразул пачалихъияб мацIлъун букIана гьеб. МацIал гIемераб Кавказалда халкъазда гьоркьосеб каламлъун букIана аваразул болмацI. Гьединаб мацIалда цIех-рехчагIаз лъураб цIар буго lingua franca (лингва франка). Амма цо-цояз бихьизабулеб буго гьеб лингва франка кколин кьокь гьабураб ва жуба-гъубазабураб, киназдаго бичIчIулеб мацI. Кавказалда тIибитIараб ва бахIарчияб магIарул халкъалъул рухIлъун кколеб калам буго авар мацI.**

БатIи-батIияв гIасрабазда магIарулазул пачалихъалъул мацI лъазабулаан аваразул гьудулзабазги тушбабазги. Имаматалъул заманалда гIурус империалистазул аскаралъул чанги офицерзабазда лъалаан авар мацI. Гъуниб Шамил имамасулгун кьотIи-къай гьабизе вачIарав офицер Лазаревасдаги лъалаан болмацI. Гьединал тилмачал чанги рукIана.

МагIарул мацIалда пикру гьабун, хъвадарана, чIахIи-чIахIияв пачалихъиял ва цоги рахъазул хIаракатчагIи. Расул ХIамзатовас магIарул мацIалда кучIдул цIаличIеб материк хутIичIо. Гьес авар мацIалда жиндир асарал цIалулаан Москваялъул кIалгIабазухъги, Япониялъул шагьараздаги, Парижалъул залаздаги.

Аслияб куцалда авар мацI бечед гьабуна, цебетIезабуна гIалимзабаз, шагIирзабаз, хъвадарухъабаз. Гьале авар мацIалъул хIубаллъун чIарал магIарул хъвадарухъабазул цо-цо цIарал: Кудалиса ХIасан, ГIаймакиса Абубакар, Хьаргабиса ТIалхIат, ТIелекьа Этил ГIали, Ругъжаса Элдарилав, Инхоса ПIали-хIажи, ГIахьалчIиса МуртазагIалихIажи, Игьалиса Чупалав, Инхелоса Къурбан, Кьохъа МухIамад, Гьигьалъа МухIамад-хIажи ХIусайнияв, Хьаргабиса Бегилав, Ругъжаса ГIанхил Марин, ЦIоралдаса ЛъикIазул Малла-ХIасан, Гьидалъа Удурат, БакьайчIиса Тажудин (ЧIанкIа), ХъахIабросулъа МахIмуд, ЦIадаса ХIамзат, Расул ХIамзатов, Ражаб ДинмухIамаев, Муса МухIамадов, Фазу ГIалиева, ГIабасил МахIамад, МухIамад Сулиманов, Тажудин Таймасханов, ГIумар-хIажи Шахтаманов, Багъатар ХIажиев ва гIемерал гьанир рехсечIелги жакъа чIаго ругелги магIарул хъвадарухъаби.

Аваразул хъвадарухъабазул хIурмат гьабунгутIи ккола магIарул мацIалъул адаб тей, гьелде мугъ рехи. Расул ХIамзатовас бащдаб гIасруялъ бетIерлъи гьабураб Хъвадарухъабазул союзалъул сан гьабунгутIиги ккола авар мацIалъул агъаз гьабунгутIи. АнцI-анцI соназ гьеб къебельиялда куцана аваразул шагIирзаби, прозаикал, драматургал. Расул ХIамзатовас дунялалда рагIизаруна Дагъистанги, МагIаруллъиги, авар мацIги. ХIамзатил Расулил тIахьал цIалана хIатта космосалдаги. Гьелъул хIакъалъулъ хъвалеб буго гьесул цо сонеталда.

Араб гIасруялъул бащалъиялда Расул ХIамзатовасул жигаралдалъун кьучI лъуна авар адабияталъул «Гьудуллъи» журналалъе. Гьеб журналалъул гьурмазда рахъана магIарул къалмил устарзабазул бищун лъикIал асарал. ГIурус ва цоги мацIазде руссинарун, дунялалда тIиритIана гьел. Цо заманалда гьеб журналалъул тираж къоазарго экземпляралдаса цIикIкIараб букIана. Авар маданияталъул гъасде рорчIарал цо-цо къосарал гIанхварабазе, ашбазчагIазе бокьун букIана гьеб машгьураб журналги къазе. Амма гьезул зурма чIинтIана ва къали бихьана, гьезул бакъаналда гьоркь къурдулев гIаданиб нах бугев чи ккечIо. 2012 соналда гьеб журналалъе редакторлъи гьабулеб буго Дагъисталъул Хъвадарухъабазул союзалъул секретарь, авар адабияталъул секциялъул нухмалъулев МухIамад ПатахIовас. ЛъикI букIинаан, магIарулаз гьеб журналалде жеги цIикIкIун кIвар кьуни, хасго гьеб хъвазе рекъараб букIана авар мацIалъул мугIалимзабазда ва интеллигенциялъул цоги вакилзабазда.

ТIасахун буюрухъ бачIун гьабуралдаса, жалго лъугьун, ишалъул кIвар бичIчIун, ракIалъ ахIун, пикрабаз нухде рахъинарун, гьабураб хIалтIи лъикIаб ва тIокIкIараб букIуна. «Дица кечI гьабуларо, дица кечI ургъуларо, ургъичIого, бачIа гьеб, бадибе магIу гIадин», - гьедин хъвана ХIамзатил Расулица. МагIарул адабияталъулги, публицистикаялъулги, мацIалъулги ургъелги бугел, ракIазулъ ва пикрабазулъ магIарул каламги бессарал гIадамаз рагьана авар мацIалда рахъулел газетал ва журналал. 1917 соналда «Аваристан» абураб газета биччалаан машгьурав маданияв хIаракатчи, Дагъистаналда тIоцебесеб басмахана рагьарав гIалимчи ЧIохъа МухIамадмирза Мавраевас.

Пачалихъалъ цIиял газетал ва журналал рагьизе кьураб изнуялдаса пайдаги босун, ХХ гIасруялъул ахиралда ва ХХI къарнуялъул авалалда магIарул халкъалъул ургъел бугел гIадамаз къватIире риччана нилъер гIагараб мацIалда казиятазги журналалги. МагIишат данделъулеб, бечелъи бакIарулеб иш гуро гьеб. РакIалъ ахIун, магIарулазул гIузраби ва масъалаби рорхизе эркенал алатал рокьун, миллаталъул цIарги цIаги хирияв гIадамаз рагьана гьел басмаби: «Сабаб», «Имамат» журналал, «МагIарулал», «Заманалда цадахъ», «ЖамагIат», «Аваристан», «Миллат» газетал ва цоги информациялъул алатал. МагIарул миллаталъе ва мацIалъе гьабулеб бацIцIадаб хъулухъ ккола гьеб. Меседилъ тIерхьинавичIого, инсанас гали бахъулареб заманалда гьединаб, ракI-ракIалъ ва унго-унголъун гьабулеб хIаракат букIин буго хIикматаб ва сахаватаб иш.

МагIарул миллияб автономиялда цебе гIуцIараб МагIарул басмабазул цолъиялъ 2016 соналда хIалтIизе биччана авар мацIалда бахъулебщинаб басма цолъизабураб «МагIарухъ» (avarpressa.ru) портал. ТIолабго гьеб сайт буго магIарул мацIалда. Гьединаб портал цоги гьечIо. Сайталъул щибаб бутIа къун буго магIарул мацIалда. Чанго моцIалда жаниб гьениб бахъана щунусгогIан макъала, гьел гьоркьор лъола машгьурал социалиял сурсатазда. АнцI-азазар чияс цIалулел руго гьеб сайталдаса макъалаби. МагIарулал гIумру гьабун ругел ракъазда биччалеб 27 казият-журналалъул хасал бокIнал гьарун руго сайталда. Гьеб хIаракатги ккола миллаталъул миллат гьабизе таваккал гIурал гIадамазул хIалтIи.

Гьединал, тIасан тIилица къабун гурел, унго-унголъунги, гьинал рекIел цIаялъ рижизарурал ва магIарул мацIги цIарги борхатго кколел, церетIезарулел ишал чанги руго, рихьизе бокьани, ракIал беццлъун ратичIони. Гьединаб хIаракат ккола магIарул мацIалъул бацIцIалъи ва кIодолъи наслабаз насабахъе къеялъе гьабулел аслиял хIалтIабазул цояблъун.

АнцIго сонаилъ церего хъварал мухъалги ракIалде щвезарила гьанир:

### ЧIвадарухъан

Наркотик сунтIарав,
сунтIлъун мехтарав,
ВачIана рокьове къаси гIолилав.
Гьесул чохьол эбел, богол какги бан,
Какикьжоялдаго лъалхъун йигоан.

Буго авар мацIалъ дугIа гьабулеб,
Гьай херай эбелалъ:
«Дир вас цIуне», - ян.
Суждаялдаги чIун, буго гьарулеб:
«Гьардарав БетIергьан,
Вас лъикI хьихье», - ян.
2.
Наркотик сунтIарав,
СунтIлъун мехтарав,
ВачIана рокьове къаси гIолилав.
Гьас цебе батараб щущазабуна,
ХIарщул цIурал хьитаз
ХIуржа мерхьана.

Чохьол эбелалъул какикьжоялде
Инжит тударана гIоркьилав тIаде.
ДугIадуй ритIарал кверал къотIана,
Вас цIуни гьарулеб кIал бидул цIуна.
3.
Васас эбел чIвараб рукълъун бихьула
Рахъдал мацI кIочараб Дагъистан дида.
Чохьол эбел чIварав васлъун бихьула
Инсул мацI лъалареб цIияб гIел дида.

**ГIизудинил ХIамзат**

ГАРА-ЧIВАРИ

# Сурхай Сурхаев: «ТIаса рищарал предметазул ОГЭ кIиабизе кьезе рес букIунаро»

## ОГЭялъул ва ЕГЭялъул масъалабазда тIасан накъит

**ГIагарлъулеб буго цогояб пачалихъияв ва аслияб пачалихъияб экзаменал кьолеб заман. Гьелда бан «Гумбет» басмаялъул хIалтIухъаналъул районалъул лъайкьеялъул отделалъул бетIерав специалист, ЕГЭ тIобитIиялъул рахъалъ жавабияв Сурхай Сурхаевасулгун гьадинаб гара-чIвари ккана.**

**- Сурхай, цогояб пачалихъияб экзаменалде хIадурлъизе база гIуцIун бугищ?**

- ЕГЭялде хIадурлъизе лъайкьеялъул отделалъул планалда рекъон байбихьула сентябрь – октябрь моцIаздаго. Щибаб школалда гIуцIула ЕГЭ, ОГЭялде хIадурлъулел букIнал. 9 ва 11 классазул цIалдохъабазда гьоркьоб загьир гьабула щивав цIалдохъанасе киве цIализе лъугьине бокьун бугеб, ва гьес тIаса бищараб махщалида данде кколеб экзамен кьеялъе ва гьелде хIадурлъиялъе хIалтIи гьабула.

**- Районалъул школазда ЕГЭ, ОГЭялде хIадурлъи кин унеб бугеб? Гьелде хIадурлъиялда хурхун районалъул лъайкьеялъул отделалъ гьабураб хIалтIи.**

- Лъайкьеялъул отделалъул гуребги щибаб школалъулги букIуна лъагIалие ЕГЭ, ОГЭялде хIадурлъиялъул рахъарал планал. Гьелда рекъон хIадурула цIалдохъаби экзаменазде. Гьарула школазда хIалбихьиялъул экзаменал. Лъайкьеялъул отделалъ гьарурал хIалтIабазул рехсани – октябрь моцIалда щибаб школалде битIана ЕГЭялде, ОГЭялде хIадурлъиялъул план (дорожная карта). Ноябрь-декабрь моцIазда отделалъул хIалтIухъаби щвана щибаб тIадкъараб школалде ва халгьабуна ОГЭялде, ЕГЭялде хIадурлъиялъул план тIубаялъул бугеб хIалалъул.

Гьаруна ЕГЭялда хурхун гIурус мацIалъул, хIисаб гIелмуялъул, обществознаниялъул, тарихалъул хIалбихьиялъул экзаменал, ОГЭялда хурхун тIоритIана гIурус мацIалъул ва хIисаб гIелмуялъул хIалбихьиялъул экзаменал. Экзаменал кьеялъул хIасилалда бан ахIана кIиго нухалда школазул нухмалъулезул совещание.



**- Чан цIалдохъанас ЕГЭ, чанас ОГЭ кьезе бугеб?**

- 2016 – 2017 цIалул соназда ЕГЭ 81, ОГЭ 168 цIалдохъанас кьезе буго.

ОГЭ кьолел цIалдохъабаз кьезе тIадаблъун гьабун бугоункъго экзамен. Гьезда гьоркьоса гIурус мацI, хIисаб гIелму тIадаблъун ва гьезда тIаде кIиго предмет жидеего бокьараб. ОГЭ кьолез тIаса бищун буго: биология – 110 цIалдохъанас, обществознание – 124, тарих – 18, физика 13, химия – 12, география – 48, информатика – 2 цIалдохъанас.

ОГЭ кьолез ункъго экзаменалда гьоркьоса цониги кьезе кIвечIони гьесие аттестат щоларо. КIийил къимат щвани, цIидасан кьезе рес щола гIицIго гIурус мацI ва хIисаб гIелмуялъул, тIаса рищарал предметал кьезе рес гьечIо.

ЕГЭ кьеялъул хиса-басиял гьечIо. Гьеб кьезе буго цересел соназ къураб гIадин.

**- Экзамен кьолеб пункт хIадурун бугищ?**

- Районалда экзамен кьолеб пункт букIине буго цо – МелъелтIа гьоркьохъеб школалда. Пункт хIадурун буго экзамен кьелелде. Тун вуго пункталъул нухмалъулев. Гьев ккола Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул директор ХIассан ГIалихIажиев. Щибаб школалдаса тIамун руго гIуцIарухъаби. Ростелекомалъул хIалтIухъабаз рекъезарулел руго киналго видеокамерал. ХIадурун буго экзаменазул заманалда ток свани бакизе генератор, кIиго мобильнияб бухьеналъул сигналал тIагIинарулеб алат.

**Выпускниказе щиб дуца гьарилеб?**

- Дица выпускниказе гьарула экзаменазда бергьенлъи, талихI-рохел, сахлъи, гIумрудул нухда битIккей.

**Гара-чIвари гьабуна ГIайшат Исламбиевалъ**

В ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ – ЗДОРОВЫЙ ДУХ

# Некоторые моменты врачебной этики и деонтологии

**На данном этапе развития медицины, вопросы врачебной этики и деонтологии становятся ещё более актуальными. Авиценна писал: «Человек, посвятивший себя врачеванию, должен быть прост, бескорыстен , честен и правдив».**

Деонтология - наука о долге - рассматривается в медицине как учение о врачебном долге, в широком смысле этого слова, она включает в себя и вопросы врачебной этики. Высокие морально-этические принципы неизбежно оказывают огромное влияние на правильное поведение медицинских работников.

Высокая ответственность врача, берущего на себя заботу о предупреждении и лечении болезней, заставляют постоянно думать о том, чтобы всегда быть на уровне современного развития медицинской науки. Быть готовым помочь больному, уметь психологически правильно строить свои отношения с больными людьми, их родственниками, с товарищами по работе. Врач лечит не только тело, но и душу больного и в его руках мощное оружие- поддержка семьи. Гиппократ писал: « В медицине есть три составляющие: болезнь, больной и врач.» Больному нелегко понять что происходит, почему ему становится лучше или хуже. Именно врач должен ему все объяснить и при этом решающую роль играет поведение врача, его манера держаться.

Врач должен обладать следующими качествами: способностью сопереживать больному, относиться к нему уважительно, ответственностью, чуткостью, проницательностью, должен уметь хранить врачебную тайну.

Медицина сегодня, к сожалению утрачивает присущий ей гуманизм. Новейшие приборы и компьютеры часто заменяют беседу с больным- сочувствию и поддержке остается все меньше места. Множество ошибок мы совершаем из-за невежества, ещё больше из-за неумения смотреть и наблюдать. Грубую этическую ошибку допускает тот, кто заочно критикует мнение своих коллег, скептически высказывается о поставленные ими диагнозе и назначенном лечении в присутствии больного и родственников.

Самонадеянность, нежелание медработника обратиться за советом и помощью к товарищам по профессии, может причинить больному непоправимый вред. Иногда врач допускает непреднамеренную ошибку. Если каждая ошибка врача замечается и обсуждается , то неизбежно повышается качество работы, не только отдельного медработника, но и всего лечебного учреждения в целом. Разбор врачебных ошибок необходимо проводить коллективно, если они являются серьезными и поучительными для других или в индивидуальном порядке, если малозначительны и не требуют общего обсуждения с этической точки зрения. Ясно одно - мимо врачебных ошибок пройти нельзя. Бывает и так, что сам врач работает хорошо, однако совершенно безразличен к ошибкам и дефектам в работе коллег. Подобная «тактика невмешательства» не делает чести медработнику, даже если он обладает высокой квалификацией и солидным стажем работы. Равнодушие несовместимо с врачебной этикой, оно обычно сочетается в человеке с лицемерием и эгоизмом и рождается там, где люди теряют чувство долга и моральной ответственности перед обществом.

Медико-этические принципы врачебной деятельности изложены в клятве Гиппократа, которой следовали многие поколения врачей.

Приветствуя прогресс техники, мы должны максимально использовать его для лучшего обследования и лечения, но всегда надо помнить, что техника не должно быть барьером между врачом и больным.

Нельзя допускать, чтобы врач не расспросив, как следует больного, не войдя в его внутренний мир, не узнав о его переживаниях, не осмотрев его со всех сторон, начинал бы с того, что направляет его на различные лабораторные и инструментальные исследования.

Все это сказано не для дискредитации новых медицинских технологий, для напоминания о том, что ничто не заменит общения врача с больным, как двух близких людей, из которых один попал в беду, а другой может и всеми силами хочет ему помочь.

Правильный психологический подход к больному - это уже своего рода психотерапия, в противном случае больной может обращаться ко всякого рода знахарям и игнорировать научную медицину. «Врач должен обходиться с каждым больным так, как он хотел бы, чтобы обходились с ним самим».(Сиденгам) «Нет ничего страшнее деятельного невежества (Гете)

Врачебный долг в отношении выполнения своих профессиональных обязанностей включает, прежде всего, необходимость быть на уровне современного состояния науки, постоянно заниматься над собой.

Врачебный долг состоит также в том, чтобы давая больному всё, чем сегодня располагает научная медицина, защитит его от ненаучных методов врачевания, отвлекающих от необходимого лечения и полчас наносящих непоправимый вред, бороться со знахарями и авантюристами, использующими тяжелые человеческие недуги в личных целях.

Чтобы в лице больного не потерять признательного человека, врачу никогда не следует забывать слова Гиппократа: «Человек, посвятивший себя медицине должен обладать бескорыстием, скромностью, целомудрием; он должен избегать шарлатанства, необузданности, ненасытной алчности» Решительно возбуждая всеобщее презрение к взяточнику , в то же время принимать меры, чтобы авторитет других медиков оставался незыблемым. Белый халат пусть всегда будет белым.

В человеке все должно быть прекрасно - и лицо, и одежда, и душа, и мысли.(А.П.Чехов) В формировании правильных взаимоотношений врача с больным, их родственниками, коллегами имеет значение не только духовный, но и внешний облик врача.. Ещё Гиппократ указывал, что врачам следует «держать себя чисто, иметь хорошую одежду, и натираться благоухающими мазями, ибо все это обыкновенно приятно для больных.»

Неопрятность недопустима, так как она снижает престиж врача в глазах его пациентов. Внешний вид должен гармонично дополнить внутреннюю привлекательность врача, успокаивать больного, вызывать приятные впечатления у его родственников, помогать установлению с ними хороших доброжелательных отношений. Внешний вид врача должен отражать внутреннюю собранность, самодисциплину, сочетать мягкую строгость с красивой простотой форм и оставаться в известных пределах неизменной.

Помимо профессиональной грамотности больные во враче ценят внимательность, сердечность, душевную чуткость и теплоту то, чего сегодня так не хватает.

Дорогие коллеги, очень хотелось бы, чтобы вы ещё помнили о том, что врач, в руках которого жизнь и судьба другого человека, находится под особым контролем Всевышнего. Врач изначально должен быть верующим. Любой исповедующий веру худо-бедно знает десять заповедей, семь смертных грехов, поэтому он постоянно думает, что рано или поздно с него взыщется. Однако если врач осознанно или злонамеренно начинает нарушать нравственно-этические принципы, за каждое его деяние обязательно последует возмездие.

В условиях меркантилизации общества люди избирают медицину, как идеальную структуру, которая в дальнейшем позволить им заниматься коммерцией. Этого надо опасаться. Кроме того врач должен быть здоровым, вести здоровый образ жизни, рационально питаться, закаливаться, соблюдать нормы санитарии и гигиены.

Врач . вид которого свидетельствует о том, что он нездоров, как правило, не вызывает доверия у пациентов.

**Мухтар Саидов,**
**главный врач Нижне-инховской участковой больницы**

КЬУРУЛЪ КЬАБУРАЛ МАГIАЛ...

# Дагъистаналъул команда - Россиялъул чемпион



### Исана риидал гьеб команда гIахьаллъизе буго Европаялъул чемпионаталда

**2017 соналъул 2 - 8 маялда Вологда шагьаралда тIадегIанал цIалул идарабазда гьоркьоб тIобитIараб торгIо хIаялъул рахъалъ Россиялъул чемпионаталда 1 бакI ккуна ва Россиялъул чемпионлъун бахъана ДГУ-ялъул тIаса бищараб команда.**

Гьеб командаялда хIалел руго магIарулазул Бакълъул мухъалдаса спортсменалги: Бакьулъ Гьарадирихъа Адам МухIамадов , Игьалиса ХIусен МухIамадов ва ЧIиркъатIаса ХIабиб Имамирзаев. Россиялъул чемпион хIисабалда, ДГУялъул командаялъ гьаб соналъул риидал гIахьаллъи гьабизе буго торгIо хIаялъул рахъалъ Европаялъул чемпионаталдаги.

**Багьавудин МухIамадов**

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, Мелъелтla росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспонденталл:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1330
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.